

Sòti san kè sote pandan Kowona a

Kounye a aksyon ou yo enpòtan plis ke jamè

CRÉOLE / CREOLE

Pran bonjan desizyon



Rete lakay ou lwen lòt moun lè w santi w malad oubyen yo te di w pou izole ou fè karantèn.



Konsidere nivo risk pèsònèl ou, espesyalman si w gen risk lòt maladi oubyen lòt konsekans grav ki ka rive.



Evite espas fèmen (kote lè pa byen sikile) ak plas ki plen ak moun deyò ki pa sòti nan kay kote w ap viv la.



Konsidere nivo risk moun ki nan menm kay ak ou.



Swiv tout konsèy ak egzijans sante piblik yo.



Konsidere enpak ki ka genyen sou mwayen de viv ou ak sikonstans pèsònèl ou, si w ta dwe pran karantèn oubyen izole w.



Bay atansyon ak viris Kowona ki ap gaye nan kominote ou a, ansanm ak lòt varyete nan viris la ki reklame atansyon nou.



Konsidere pou w redwi kantite alkòl ak lòt sibstans ke w konsome e ki ka twouble konpreyansyon w pou fè w pa swiv egzijans sante piblik yo.

Fè atansyon ak KOWONA a

Pandan ke vaksen yo ap gaye kò yo nan tout Kanada a, kontinye chwazi aktivite ak zòn ki pagen gwo risk pou w ka pwoteje tèt ou ak lòt yo. Lè w pran vaksen, sa ede pwoteje ou, men pou kounye a, vaksen an pa ranplase tout lòt mezi sante piblik yo, ansanm ak tout aksyon prevansyon ke ou dwe fè.


✓ Risk yo fèb lè



Ou kenbe kontak pwòch sèlman ak moun ki nan menm kay ak ou.



Ou rete deyò lè ou ak moun ki pa sòti nan menm kay ak ou.



Oumenm ak moun ki bò kote w ap swiv tout konsèy prevansyon yo tankou : redwi tout kontak ak moun, kenbe kontak yo brèf e ak anpil distans posib, mete mask, dezenfekte oubyen lave men w ak savon e dlo.



Kote w ye a gen plizyè egzijans ak mezi sante piblik ki an plas pou pwoteje moun kont Kowona. Sa a pi enpòtan ankò ak lòt varyete ki gen nan viris la e ki reklame atansyon nou.



Kote w ye a lè byen sikile ladan avek bonjan lè fre ki sòti nan yon sistèm vantilasyon oubyen nan pòt ak fenèt ki louvri.

! Risk yo pi gran lè



Ou ogmante kontak pwòch ak moun ki pa nan menm kay ak ou.



Ou rete anndan nan espas fèmen (kote lè pa byen sikile) ak kote ki plen ak moun ki pa sòti nan menm kay ak ou.



Ou ak moun ki bò kote w PA SWIV egzijans pwoteksyon yo : kontak yo ANPIL e yo pa brèf, ou PA kenbe gran distans posib, ou PA mete mask, e ou PA dezenfekte oubyen lave men ou.



Kote w ye a pa genyen ou preske pa genyen mezi an plas pou ede redwi viris la ansanm ak varyete ki nan viris la ki reklame atansyon nou.



Kote w ye a lè manke sikile ladan, kote pagen bonjan sistèm vantilasyon oubyen ou pa kapab ouvri pòt ak fenèt yo.

Sonje ke : Bagay yo ka chanje, yon sityasyon mwens risk ka tounen yon sityasyon gwo risk. Panse sou risk yo pa sèlman avan ou sòti men tou pandan ou deyò a.

Kenbe tèt ou ak lòt yo an sekirite pou Kowona a, konsa ou ka :

✓ Patisipe san danje nan sosyete a

✓ Rive satisfè bezwen fizik, sosyal ak mantal ou.

✓ Redwi Kowona nan kominote ou



Ou ka ede pou redwi viris la

Telechaje aplikasyon alèt Kovid la .

Ou ka telechaje aplikasyon gratis alèt Kovid la, lè w vizite App store ak Google Play nan nenpòt ki aparèy mobil.

Pou plis enfòmasyon sou Kowona :

canada.ca/le-coronavirus

1-833-784-4397